



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN MODÈNIZASYON APEPRÈ 7 MILYON DOLA NAN SARANAC LAKE CIVIC CENTER

Lokal la pral òganize konpetisyon curling pandan pwochen Je Mondyal Inivèsitè 2023 yo nan Lake Placid

Etablisman revitalize a amelyore enfrastrikti espò rejyonal yo pou sipòte evènman alavni yo, konplete investisman Eta a nan etablisman ORDA yo

Je yo ap fèt nan 12-22 janvye atravè North Country; Tikè yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman pwojè modènizasyon prèske 7 milyon dola a nan Saranac Lake Civic Center nan Konte Franklin. Etablisman lwazi ak evènman san bi likratif pandan tout ane a te sibi gwo amelyorasyon alanteryè ak aleksteryè, epi achèvmman an kowenside ak Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo k ap kòmanse 12 janvye, epi Sant lan pral òganize konpetisyon je gason ak fanm yo pou curling. Pwojè a te sipòte pa plis pase 5 milyon dola nan fon Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a ki soti nan Empire State Development, atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) North Country a.

"Pandan North Country New York ap akeyi vizitè ki soti toupatou nan mond lan pou Je Mondyal Inivèsitè yo, nou gen yon opòtinite inik pou montre etablisman espò ivè konpetitif klas mondyal nou yo avèk Saranac Lake Civic Center ki modènize a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sant Sivik modènize a pral non sèlman bay yon eksperyans maksimòm pou pratikan curling yo ak fanatik yo, men li pral ranfòse tou jenerasyon alavni gwoup espò jèn yo, kominote lokal nou yo ak tout rejyon North Country".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pandan Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid ap rapwoche, nou kontan anpil pou nou selebre konpetisyon Saranac Lake Civic Center revitalize a. Sant lan se yon patnè kominote vital, epi modènizasyon yo pral asire ke li rete yon premye sit pou espò ivè ak evènman pou ane k ap vini yo".

Pwojè kapital prèske 7 milyon dola a te gen ladan renovasyon alanteryè ak aleksteryè, ansanm ak efikasite nan enèji, dife ak amelyorasyon sekirite. Amelyorasyon nan

patinwa te asire ke sifas glas la satisfè estanda konpetisyon klas mondyal yo. Lòt amelyorasyon nan kwizin, enstalasyon vestyè ak chèz espektatè yo ofri yon pi bon eksperyans pou atlèt ak vizitè, ak pi byen pozisyon Saranac Lake pou atire evènman alavni, amelyore enfrastrikti konpetisyon espò rejyonal la. Pwojè a kowenside avèk estrateji Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a pou ranfòse mak espò mondyal rejyon an nan atire evènman espòtif entènasyonal ki t ap ankouraje investisman prive ak kwasans travay epi katalize renovasyon etablisman espò ak otèl zòn nan.

Je FISU 2023 nan Lake Placid yo se yon festival espòtif ak edikatif nan ivè ki dire 11 jou, k ap fèt 12-22 janvye nan kominote yo atravè North Country. Apeprè 1,500 atlèt ki soti nan plis pase 540 inivèsite ak 46 peyi pral patisipe nan 12 espò ivènal ak 86 evènman meday. Konpetisyon yo gen ladan eski alpin, biatlon, eski randone, curling (glise wòch), patinaj atistik, freestyle ak freeski, hockey sou glas, konbine nòdik, so eski, planch a nèj ak patinaj vitès.

Je yo pral atire plizyè milye fanatik espò ivè nan Saranac Lake ak Lake Placid ansanm ak kominote ozalantou yo, sa gen ladan Canton, North Creek, Potsdam, ak Wilmington. Gen plis enfòmasyon sou je yo, ki gen ladan opsyon pou achte tikè, ki disponib [isit la](#).

Ollie Burgess, Manm Konsèy Saranac Lake Civic Center, te deklare, "Nan non Konsèy Direktè Saranac Lake Civic Center ak ekip jesyon an, nou fyè pou nou selebre achèyman pwojè amelyorasyon ak ekspansyon kapital nou an. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country, ak sipòtè lokal nou yo, san yo pwojè enkwayab sa a pa t ap posib. Pandan n ap prepare pou nou resevwa kominote curling entènasyonal la, modènizasyon ak amelyorasyon etablisman yo te solidifye plis rejyon Saranac Lake kòm yon destinasyon espò ivè klas mondyal, ak yon lidè nan sipò timoun, fanmi ak kominote North County yo".

Pwojè sa a konplete lòt investisman eta pou ranfòse enfrastrikti espò ivè rejyon an. Pandan sis dènye ane yo, New York te investi plis pase 550 milyon dola nan enstalasyon Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) yo nan eta a pou ede repozisyon rejyon an kòm yon destinasyon mondyal espò ivè. Sit ORDA yo ouvri pandan tout ane a pou evènman yo, fòmasyon atlèt, ak lwazi, pandan y ap founi eksperyans ak konpetisyon klas mondyal. Dènye sezon ivè a, New York te resevwa 68.5 milyon vizitè, sa ki te jenere plis pase 16.1 milya dola nan depans dirèk vizitè yo.

Saranac Lake Civic Center te konstwi odepa nan ane 1970 yo pou sipòte Hockey jèn nan rejyon an. An 1989, yo te kreye Saranac Lake Civic Center, Inc. pou rebran lwaye teren an epi pou jere etablisman an. Sant lan òganize espò ivè ki gen ladan Hockey, curling ak patinaj atistik, ansanm ak evènman ki pa espòtif tankou vant ozanchè ak ekspozisyon komès. Sant 24,000 pye kare a gen 15,000 pye kare espas kontinyèl etaj ouvè epi li gen ladan sis nouvo vestyè, plis yon nouvo antre chofo ak klimatize, ak yon mezanin chofo nan dezyèm etaj.

Direktè Egzekitif Konsèy Espò Adirondack la, Ashley Walden, te deklare, "Saranac Lake Civic Center te sibi yon transfòmasyon etonan nan yon peryòd tan trè kout. Mèsi a tout moun ki te travay san pran souf nan pwojè sa a. Youn nan misyon prensipal Je Mondyal Inivèsité FISU 2023 yo nan Lake Placid se pou kite yon eritaj dirab. Sant sivik la pral kite yon eritaj dirab pou kominote Saranac Lake pou ane k ap vini yo. Mwen ankouraje tout moun pou yo patisipe nan evènman curling Je yo epi wè dirèkteman sa ki te akonpli."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Avèk Je Mondyal Inivèsité yo k ap kòmanse semèn pwochèn, achèvmman amelyorasyon yo nan Saranac Lake Civic Center se yon lòt pati nan asire rejyon nou an prepare pou foul atlèt ak vizitè yo. Amelyorasyon sa yo pral fè sant lan se yon gwo sant pou espò ak lòt evènman apre je yo tou, epi mwen espere ke li pral yon pati enpòtan nan kominote nou yo pou ane k ap vini yo".

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Aksè nan lwazi fè yon diferans fòmidad nan kalite lavi epi investisman eta a nan Saranac Lake Civic Center pral pote anpil evènman espòtif ak opòtinite nan zòn nan pou rezidan lokal ak touris yo jwi. Dènye mizajou yo se yon pati enpòtan nan mete North Country sou kat jeyografik la pou pwochen konpetisyon espò entènasyonal yo pandan y ap fè amelyorasyon enpòtan nan yon resous kominote yo apresye. Mwen espere wè amelyorasyon yo pandan pwochen Je Mondyal Inivèsité FISU yo epi ankouraje tout moun pou yo tcheke konpetisyon curling nan Sant Sivik la."

Majistra Saranac Lake, Jimmy Williams, te deklare, "Mwen pa kapab eksprime sa Saranac Lake Civic Center te reprezante pou kominote nou an pandan plizyè dizèn ane. Li te chanje lavi yon bann jèn pou vin meye, epi rapwoche nou tout kòm atlèt, paran fyè ak vwazen. Depi mwen te yon jèn ti gason ki t ap aprann patine, Sant Sivik la te goumen chak ane pou l siviv gras a san, swe ak dlo nan je volontè ak donatè jenere yo. Transfòmasyon konplè etablisman an pa t ap janm posib san èd Eta New York. Modènizasyon ak amelyorasyon yo pral asire ke li rete yon enstalasyon pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen ta renmen sensèman remèsye Eta New York ak tout moun ki te rann sa posib. Pandan n ap akeyi kominote curling entènasyonal la pou je mondyal inivèsité yo, nou espere montre Saranac Lake bay mond lan".

Sipèvizè Harrietstown, Jordanna Mallach, te deklare, "Mwen kontan anpil pou Saranac Lake Civic Center modènize a epi mwen pa ka tann pou m akeyi mond lan pandan Je Mondyal Inivèsité semèn pwochèn nan. Yon gwo mèsi a moun ki nan kominote nou an ki te mete devwe tan ak enèji nan pwojè sa a. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou sipò nou, epi mwen pa ka tann pou m ale sou glas pou patinaj piblik nan dimanch apremidi".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)